



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 6/1/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REZILTA LAPOLIS ETA A SOU REDIKSYON CHOFÈ KI GEN PWOBLEM PANDAN WIKENN JOU MEMORYAL 2016 LA

Yo te bay preske 12,000 kontravansyon; yo te fè plis pase 220 arestasyon pandan kanpay jou ferye a pou konbat Chofè yo ki bwè alkòl e ki distrè pandan yap kondwi

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Lapolis nan Eta New York te bay plis pase 11,946 tikè kòm rezilta efò ranfòsman nan wikenn Jou Memoryal 2016 la. Peryòd ranfòsman an pral kòmanse nan vandredi 27 Me e lap kontinye jis nan lendi 30 Me.

“Kondwi sou enfliyans alkòl ak Distraksyon non sèlman ilegal, men tou li ka kondwi a move desizyon kap gen konsekans pandan tout yon vi,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen konplimante lapolis eta ak lokal pou vijilans kontinyèl yo kont konpòtman neglijan sa ak efò kontinyèl yo pou kenbe wout New York yo ansekirite.”

Pandan kanpay 96-èdtan, sa ki te finanse pa Komite Sekirite Trafik Gouvènè a, Lapolis Eta New York te ogmante patwouy e li fè kontwòl wout pou detekte, idantifye ak arete chofè ki distrè yo. Nan kad ranfòsman an, Twoupè yo te sible tou vitès ak chofè agresif yo toupatou nan eta.

Twoupè Eta yo te arete 224 moun pou DWI epi yo te ankete 170 aksidan blezi pèsonèl, sa ki te lakoz nan 229 moun ki te blese. Twa moun te mouri nan twa aksidan motè veyikil pandan wikenn konje a. Ajan yo te bay yon total 11,946 kontravansyon nan kanpay wikenn Jou Memoryal la, ki gen ladan 3,424 pou vitès, 358 pou chofè ki distrè, e yo te arete yon total 2,173 Chofè pou vyolasyon senti sekirite.

Rezilta rediksyon nan Jou Memoryal 2016 la:

TWOUP	DWI	Vitès	Senti Sekirite	Mete w akote	Kondwi Distrè	Total Tikè Kontravansyon
Twoup A	31	389	312	5	30	1,298
Twoup B	11	246	94	9	19	822
Twoup	10	319	140	15	11	783

C						
Twoup D	24	307	317	9	54	1,351
Twoup E	24	530	224	31	22	1,518
Twoup F	38	248	449	11	47	1,427
Twoup G	20	401	283	11	37	1,276
Twoup K	27	325	119	15	22	946
Twoup L	18	131	79	1	23	613
Twoup T	21	528	696	37	62	1,912
Total	224	3,424	2, 173	135	358	11,946

Sipè-entandan Joseph A. D'Amico te deklare, “Sekirite sikilasyon se yon priyorite Lapolis Eta New York. Nou pap tolere kondwi sou enfliyans alkòl, afebli oswa agresif sou wout New York yo. Kanpay tankou ranfòsman wikenn konje sa ta dwe voye yon mesaj pou chofè yo kap abize lwa nou yo, nap ba ou kontravasyon oswa arete ou.”

Twoup yo pral sèvi avèk toulède machin polis eta ki make ak sa ki kache idantite machin kontwòl sikilasyon an kòm yon pati nan operasyon rediksyon sa nan fason pou idantifye pi fasiman chofè yo kap vyole lwa a. Veyikil CITE yo ap pèmèt twoupè yo pi byen obsève vyolasyon kondwi yo. Machin sa yo melanje avèk machin ki nan lari a chak jou men yo san ekivòk tankou machin ijans yon fwa limyè ijans lan aktive.

Nan wikenn Jou Memoryal la nan ane 2015 Twoupè Eta yo te arete 187 moun paske yo tap kondwi pandan yo te entoksike e yo te bay plis pase 12,000 kontravasyon.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl ki disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418